




EDISI 414

7 Juni 2024 M
29 Dzulqa'dah 1445 H

SUMANGGA NYAWIJI

MBELA PALESTINA

Dening: Ust. Slamet Abdurrahman S.Ag., M.S.I.

(Bidang Pengkajian dan Litbang, PW Ikadi DIY)

Nyalin Basa: Tim Khutbah Bahasa Jawa PW Ikadi DIY

الْحَمْدُ لِلَّهِ نَاصِرِ الْمُؤْمِنِينَ، خَازِلِ الْكَافِرِينَ، مُعِزِّ الْمُؤَحِّدِينَ، وَفَاضِحِ الْعُمَلَاءِ
وَالْمُنَافِقِينَ، وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ بْنِ عَبْدِ اللَّهِ إِمَامِ الْمُجَاهِدِينَ،
وَقَائِدِ الْغُرِّ الْمُحَجَّلِينَ، الْمَبْعُوثِ رَحْمَةً لِلْعَالَمِينَ
وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ، نَصَرَ عَبْدَهُ، وَأَعَزَّ جُنْدَهُ، وَهَزَمَ الْأَحْزَابَ وَحْدَهُ، لَا
شَيْءَ قَبْلَهُ وَلَا شَيْءَ بَعْدَهُ، مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَوْ كَرِهَ الْكَافِرُونَ،
وَأَشْهَدُ أَنَّ إِمَامَنَا وَقَائِدَنَا وَسَيِّدَنَا مُحَمَّدًا رَسُولُ اللَّهِ، آدَى الْأَمَانَةَ وَبَلَغَ الرِّسَالَةَ،
وَنَصَحَ الْأُمَّةَ وَكَشَفَ الْغَمَّةَ وَجَاهَدَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ حَتَّى أَتَاهُ الْيَقِينُ
أَمَّا بَعْدُ؛

فَيَا عِبَادَ اللَّهِ، اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى:
أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ: «يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا
تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ»

وَالْمُؤْمِنُونَ وَالْمُؤْمِنَاتُ بَعْضُهُمْ أَوْلِيَاءُ بَعْضٍ يَأْمُرُونَ بِالْمَعْرُوفِ وَيَنْهَوْنَ عَنِ
الْمُنْكَرِ وَيُقِيمُونَ الصَّلَاةَ وَيُؤْتُونَ الزَّكَاةَ وَيُطِيعُونَ اللَّهَ وَرَسُولَهُ أُولَئِكَ سَيَرْحَمُهُمُ
اللَّهُ إِنَّ اللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah

Wekdal sak menika Umat Islam nembe fokus kagem nglampahi ibadah haji lan kurban ing tahun puniki, kita ugi kedah maringi kawigatosan tumrap nasibipun sederek kita ingkang nembe gadhah masalah ing Palestina. Mboten namung badhe ngibadah, badhe ambegan kangem njagi kagesangan mawon ewet sanget. Sederek kita ing Palestina nembe dipun paringi ujian inkang sanget-sanget awrat amargi gempuran militer zionis Israel. Kathah kutha ingkang ajur mumur lan ewonan tiyang ingkang dados korban.

Islam paring piwucal supdos kita peduli marang nasib sederek, napa malih marang tiyang ingkang iman. Tiyang mukmin luwih caket pasederekanipun kaliyan kita tinimbang namung sederek kandung (keturunan). Rasulullah saw. paring sabda:

مَنْ نَفَسَ عَنْ مُؤْمِنٍ كُرْبَةً مِنْ كُرْبِ الدُّنْيَا، نَفَسَ اللَّهُ عَنْهُ كُرْبَةً
مِنْ كُرْبِ يَوْمِ الْقِيَامَةِ، وَمَنْ يَسَّرَ عَلَى مُعْسِرٍ، يَسَّرَ اللَّهُ عَلَيْهِ
فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ

“Sapa wonge kang menehi gampang sak perkara sing angel ing donya saka wong mukmin, banjur Allâh maringi gampang marang dheweke sak perkara sing angel ing dina Kiamat. Sapa wonge nggawe gampang (urusan) wong kang kangelan, banjur Allâh Azza wa Jalla nggawe gampang marang dheweke (saka keangelan) ing donya lan akhirat. (H.r. Muslim)

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah

Nalika kathah nagari koar-koar mbahas hak اساسining manungsa lan anti kaliyan penindasan, nyatane tasih wonten nagari ingkang ngalami penjajahan, rayatipun dipuntindes malah-malah badhe punah. Inggih menika Gaza,

Palestina. Ting mriku, zionis Israel nggusur omah-omah tiyang Palestina lan mboten ragu mejahi tiyang-tiyang kelawan brutal. Penjajah zionis nembe ngusahakaken ngilangi Palestina saking peta dunia.

Keji lan brutal sanget penjajah zionis mila sinten mawon ingkang ningali kondisi Palestina sakniki mesti rumaos miris, iba, lan kelara-lara raos kamanungsaanipun. Piyambakipun ingkang dipun ketuk manahipun mesti bakal gumregah kagem mbela warga Palestina. Kosokwangsulipun, Tiyang ingkang mboten gadhah nurani malih, malah bakal membela penjajahan.

Kita sampun asring ningali kathah nagari ageng koar-koar masalah HAM, demokrasi, lan ugi Kamardikan. Para pimpinan nagari ugi sregep nyayi lagu babagan persamaan hak. Ananging nalika wonten tragedi penindasan lan pembunuhan masal (*genosida*) marang warga Palestina katingal jelas sanget, sedayanipun malah mendel dados bisu; dipun anggep kados wonten nyamuk utawi cicak ingkang mati, mboten kedah dipuntingali.

Pilihan-pilihan politik ingkang benten kaliyan nurani menika sakniki nembe dipunkutuk lan dipunkecam dening warga negarinipun piyambak. Kathah aksi demonstrasi ing nagari-nagari Eropa lan dunia Barat akhir-akhiripuniki, ningalaken menawi *genosida* ing Palestina sampun nggegerake donya. Gerakipun kampus-kampus ing nagari-nagari Barat kagem ndukung perjuanganipun rakyat Palestina, nyumpahi kejamipun zionis Israel, lan nentang pembelaanipun nagari Barat marang Israel inggih menika suwantenipun nurani warga donya.

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah

Wonten sebagian tiyang ngomong ngangge nada sinis, “Ngapa kita kudu repot-repot melu mikiri nasib Palestina, dene nagara kita dhewe akeh masalah?” Gineman ingkang awon kados menika tasih asring dipunmirengeke ing masyarakat kita.

Menapa kita kedah peduli lan nggadhahi solidaritas marang rakyat Palestina? **Nomer setunggal**, amargi bab kamanungsaan. Nurani kita nglawan kabeh bentuk panindasan lan pembantaian ingkang ngliwati wates perikamanungsaan. Kakejaman penjajah Israel sampun nglewati wates batas kamanungsaan. Dereng dangu kita angsal berita serangan udara Israel ingatase Rafah ing kidul Jalur Gaza dinten Minggu wengi (26/5/2024). Serangan ingkang

ngincer kamp pengungsian Tel Al-Sultan menika mejahi kinten-kinten 45 tiyang lan 249 tatu-tatu.

Kabiadabanipun Israel sakniki nambahi jumlah korban sipil Palestina. Piwarta saking kantor Perserikatan Bangsa Bangsa (PBB) kagem Koordinasi Kamanungsanan (OCHA), total korban jiwa Palestina ngantos 27 Mei 2024 sampun tambah kathah dados 36.050 jiwa lan 81.026 sanesipun tatu. Kabrutalanipun Israel sampun nglewati nilai-nilai kamanungsan. Luwih-luwih malah bom Israel ngantemi tenda-tenda pengungsi ing wilayah ingkang sampun dipuntetepaken dados "zona aman". Luwih parahipun, serangan dipunlampahaken ing mangsa dalu rikala tasih katha pengungsi ingkang siap-siap badhe tilem.

Kita manungsa menawi tasih gadhah nurani, mestinipun manah kita tergerak. Kita ingkang tasih gadhah nilai-nilai moral, mesti sadar menawai pembantaian Israel inggih punika lelaku biadab lan mboten saged dipunjoraken. Namung tiyang ingkang sampun ical akal sehatipun ingkang mboten gadhah raos peduli marang warga Palestina.

Nomer Kalih, amargi panggilan iman. Nalika sederek-sederek muslim ing nagari ingkang dipunberkahi puniku dipunbantai, mila kita gumregah amargi iman. Kita angraosi kedah kagem mbela warga Palestina amargi mangetosi sabda Rasulullah *Shallallahu 'Alaihi wa Sallam*.

مَثَلُ الْمُؤْمِنِينَ فِي تَوَادِّهِمْ وَتَرَاحُمِهِمْ وَتَعَاطُفِهِمْ مَثَلُ الْجَسَدِ إِذَا أَثْتَكِيَ مِنْهُ عُضْوٌ تَدَاعَى لَهُ سَائِرُ الْجَسَدِ بِالسَّهَرِ وَالْحُمَى

"Paribasane kaum mukmin ing sakjerone rasa tresna lan kasih sayang, dheweke yaiku kaya sak awak, menawa salah siji bagian awake lara banjur sak awak kabeh bakal angel turu lan krasa panas" (H.r. Muslim)

Sakniki sederekipun kita ing Palestina puniki mboten namung ngraos sakit. Malah sampun ewon myawa dipunbantai kelawan brutal, atusan ewon sanes lain kelara-lara, anak-anak lan bayi dados korban, kutha-kutha dipunrusak. Wancinipun kita mbuktekake nilai pasederekan dados tiyang muslim.

Ing hadits sanes, Rasulullah Saw. matur:

الْمُسْلِمُ أَخُو الْمُسْلِمِ، لَا يَظْلِمُهُ، وَلَا يَخْذُلُهُ، وَلَا يَكْذِبُهُ، وَلَا يَحْقِرُهُ

Sawijine muslim yaiku sedulure muslim liyane. Mula, dheweke ora oleh zalim, nelantarake, ngapusi, lan ngolok-olok (muslim) liyane.
(H.r. Muslim)

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah

Islam nyengkuyung supados umatipun ndamel kathah kemaslahatan kagem sesami, tulung-tinulung ing kabecikan lan takwa; mboten malah tulung-tinulung ng dalme tumindak dosa lan permusuhan. Kados puniki ingkang kita pahami saking firman Allah Swt.

وَتَعَاوَنُوا عَلَى الْبِرِّ وَالتَّقْوَىٰ وَلَا تَعَاوَنُوا عَلَى الْإِثْمِ وَالْعُدْوَانِ وَاتَّقُوا اللَّهَ
إِنَّ اللَّهَ شَدِيدُ الْعِقَابِ

“Lan tulung-tinulunga sira ing (tumindak) kabecikan lan takwa, lan saja tulung-tinulung ing tumindak dosa lan pelanggaran. Lan takwa’o sira marang Allah, satemene Allah abot banget siksa-Ne.” (Q.s. Al Maidah: 2)

Babagan puniki langkung dipun wuclaken malih ing dalem firman Allah ta’ala:

وَالْمُؤْمِنُونَ وَالْمُؤْمِنَاتُ بَعْضُهُمْ أَوْلِيَاءُ بَعْضٍ يَأْمُرُونَ بِالْمَعْرُوفِ
وَيَنْهَوْنَ عَنِ الْمُنْكَرِ وَيُقِيمُونَ الصَّلَاةَ وَيُؤْتُونَ الزَّكَاةَ وَيُطِيعُونَ اللَّهَ
وَرَسُولَهُ أُولَئِكَ سَيَرْحَمُهُمُ اللَّهُ إِنَّ اللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٧١﴾

“Wondéné para wong lanang angèstu lan wong wadon angèstu, iku padha dadi pangayoman sa-wenèh marang sawenèhé; padha maréntahaké marang becik sarta menging marang ala tuwin padha anjumenengaké salat apa déné padha ambayar zakat lan amba- ngun turut ing Allah lan utusan-É; iki, Allah bakal amaringi wilasa dhèwèké; sayekti Allah iku Maha- mulya, Wicaksana.” (Q.s. At-Taubah: 71)

Nomer tiga, kita gumregah mbela Palestina, amargi kita nderek akliyan konstitusi. Nagari kita ngrumasaken ing dalem Pembukaan UUD 1945 menawi saestu kamardikan inggih punika hakipun sedaya bangsa lan penjajahan ing ngatase bumi kedah dipuntumpas. pramila, dados warga Indonesia inggih punika dados manungsa ingkang anti kaliyan penjajahan, anti penindasan, lan

tansah ngutuk kabiadaban. Kita kedah syukur menawi swara kamanungsan lan keimanan kita cocog kaliyan hukum nagari kita. Kita kedah syukur menawi ngantos sakniki, ing dalem isu-isu Palestina, nagari tansah hadir makili swara nurani kita. Pramila, wagu menawi dados warga nagari Indonesia, kita malah ndukung penjajahan Israel.

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah

Salajengipun, napa mawon ingkang kedah kita lampahaken?

Sepindah, kita kedah mbiyantu kealawan ngathahi donga supados derita bangsa Palestina dipunringanaken, dpunparingi katabahan, lan kakiyatan lahir batin ngadepi ujian ingkang awrat puniki. Kita ugi donga supados Palestina dados nagari merdeka lan berdaulat.

Kaping kalih, kita kedah paring piwucal marang masyarakat, khususipun umat Islam, babagan fenomena ingkang kedadosan ing Palestina menawi nagari menika nembe dipunjajah kaliyan zionis Israel. Kelawan cara menika, dipunarep-arep dukungan marang perjuangan Palestina badhe luwih santer. Ampun malah wonten sikap apatis, mboten purun mangerteni, luwih-luwih malah ndukung gerakan zionis.

Kaping tiga, ngumpulaken dana masyarakat kagem ngenthengaken beban bangsa Palestina lewat lembaga resmi ingkang kredibel.

Kaping sekawan, nyuarakaken boikot tumrap barang-barang ingkang sampun nyata paring dukungan marang penjajahan Israel. Mangga kita kurangi konsumsi produk-produk pro-zionis, lan nggantos kaliyan produk-produk ingkang sanes.

Kaping gangsal, ndukung pemerintah Republik Indonesia kagem terus partisipasi luwih aktif ing dalem ndamel keamanan bumi lan perdamaian abadi kado singkang katulis ing dalem pembukaan UUD 1945.

Sedaya lelampahan kasebat gadhah maksud kagem maringi tekanan supados zionis purun mandeg nglakoni tumindak keji lan Palestina angsal hak utuh dados nagari ingkang mardika lan berdaulat, bebas saking penjajahan Israel. Ngantos sakniki sampun wonten 143 nagari ing bumi, saing 193 nagari, ingkang sampun dukung keanggotaan Palestina ing PBB. Mugi-mugi Allah Swt. maringi pitulungan saha kegampilan kagem Palestina.

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah

Sanesipun bab-bab menika, kita kedah tansah ngemut-emut menawi ing Palestina wonten Masjid Al-Aqsha, ingkang nate dados kiblatipun umat Islam, lan ing masjid puniku Nabi saw. nglampahaken Isra' Mi'raj. Ugi Masjid Al-Aqsha dados masjid nomer ketiga ingkang dipunmuliyakaken Allah, pramila Rasulullah saw. paring nasihat supados kita ndadosaken dados salah setunggaling tujuwan ziarah umat Islam kanthi bebas.

لَا تُشَدُّ الرِّحَالُ إِلَّا إِلَى ثَلَاثَةِ مَسَاجِدَ مَسْجِدِ الْحَرَامِ وَمَسْجِدِ الْأَقْصَى
وَمَسْجِدِي هَذَا

"Lelunga kui ora kudu kejaba namung tumuju marang telung masjid, yaiku: Masjidil Haram, Masjid Al-Aqsha lan Masjidku iki."
(H.r. Bukhari-Muslim)

Kados puniki khutbah Jumat siang menika, mugi-mugi saged mbangun pemahaman lan kesadaran babagan tanggung jawab kita dados umat Islam. Mugi-mugi Allah paring paring pitulungan lan kegampilan marang sederek kita ing Palestina. *Aamiin*.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَجَعَلَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ، إِنَّهُ هُوَ الْبَرُّ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ، وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ أَرْحَمُ الرَّاحِمِينَ

Khutbah Kedua

الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ، وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ وَامْتِنَانِهِ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ تَعْظِيمًا لِسَانِهِ، وَأَشْهَدُ أَنَّ نَبِيَّنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الدَّاعِي إِلَى رِضْوَانِهِ.

أَمَّا بَعْدُ؛

فَيَا عِبَادَ اللَّهِ، اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ التَّقْوَى، وَأَطِيعُوهُ فِي السِّرِّ وَالنَّجْوَى.

ثُمَّ صَلُّوا وَسَلِّمُوا عَلَى الْهَادِي الْبَشِيرِ، وَالسِّرَاجِ الْمُنِيرِ، نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ صَاحِبِ الْفَضْلِ الْكَبِيرِ. فَقَدْ قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ:

«إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا»

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ، وَارْضَ اللَّهُمَّ عَنِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ، أَبِي بَكْرٍ وَعُمَرُ وَعُثْمَانُ وَعَلِيٌّ، وَعَنِ الصَّحَابَةِ أَجْمَعِينَ، وَعَنَّا مَعَهُمْ بِمَنِّكَ وَكَرَمِكَ يَا أَكْرَمَ الْأَكْرَمِينَ.

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ، وَيَا قَاضِيَ الْحَاجَاتِ.

اللَّهُمَّ انصُرْ إِخْوَانَنَا الْمُسْتَضْعَفِينَ فِي فِلِسْطِينَ، اللَّهُمَّ فُكِّ قَيْدَ أَسْرَاهُمْ، وَفَرِّجْ عَنْهُمْ كَرْبَهُمْ، اللَّهُمَّ اشْفِ مَرْضَاهُمْ، وَقَوِّ عَاجِزِيهِمْ، اللَّهُمَّ أَعِنْهُمْ عَلَى بَلَائِهِمْ، وَهَوِّنْ عَلَيْهِمْ يَا مَوْلَانَا يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ.

اللَّهُمَّ عَلَيْكَ بِالْيَهُودِ الظَّالِمِينَ، وَالصَّهَابَيْنَةِ الْغَاصِبِينَ، اللَّهُمَّ أَحْصِهِمْ عَدَدًا، وَاقْتُلْهُمْ بَدَدًا، وَلَا تُعَادِرْ مِنْهُمْ أَحَدًا

اللَّهُمَّ يَا مُسَبِّبَ الْأَسْبَابِ، وَيَا هَازِمَ الْأَحْزَابِ، إِنَّا نَسْأَلُكَ أَنْ تَنْصُرَ أَهْلَ فِلِسْطِينَ عَلَى مَنْ عَادَاهُمْ، اللَّهُمَّ سَدِّدْ رَمْيَهُمْ، وَوَحِّدْ صَفَّهُمْ، وَثَبِّتِ الْأَرْضَ تَحْتَ أَقْدَامِهِمْ.

اللَّهُمَّ إِنَّكَ عَفُوٌّ مُجِيبُ الْعَفْوِ فَاعْفُ عَنَّا

رَبَّنَا ظَلَمْنَا أَنْفُسَنَا وَإِنْ لَمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ.

رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.
وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ.
أَقِيمُوا الصَّلَاةَ.